

AVI POU ELEKSYON REFERANDÒM KI POU FÈT MADI 5 NOVAMM 2024, POU DESIDE SI GEN MODIFIKASYON KI POU FÈT NAN CHART KONTE BROWARD LAN (BROWARD COUNTY CHARTER) SOU KONPOZISYON MANB KONSÈY LOJMAN KONTE BROWARD LAN.

Yon eleksyon referandòm, ki kouvri tout Konte an nèt, pral fèt madi 5 novanm 2024 lan, e nan lòt lè tou, kòm li endike nan chapit 101 lalwa Florida yo, pou deside si gen amandman ki pou fèt nan Chart Konte Broward lan sou konpozisyon manb Konsèy Lojman Konte Broward lan.

Jan li endike nan rezolisyon n° 2024-273 ke Konsèy Komisè Konte Broward nan Florida te adopte 21 me 2024, tit ak rezime ki pou sou bilten vòt lan, men kouman li ekri:

Mamb « Broward County Housing Council » (Konsey Lojman Konte Broward) e

Pwosedè pou Etabli Mamb yo.

Eske fòk gen yon modifikasyon nan Chart Broward County an, pou siprime kategori ki preskri pou mamb « Broward County Housing Council » (Konsèy lan), e pou kite « Broward County Board of County Commissioners » yo, yo mèm, ka etabli mamb Konsèy lan pa òdonans, e pou deside ke Konsèy lan pral kompose de o mwen disèt manb ki ka vote, e pa plis ke diznèf manb o total?

WI _____

NON _____

Yon kopi konplè pwoposisyon amandman an disponib nan adrès sa a:

<https://www.broward.org/Charter>

Eleksyon referandòm an pral fèt nan dat 5 novanm 2024 lan, ant 7 è di maten e 7 è di swa, e nan lòt jou ak lòt lè ki prevwa nan lwa ki aplikab yo, e tou pou vòt antisipe ki prevwa nan seksyon 101.657 lalwa Florida yo, nan kote ki etabli nan Konte Broward pou vote. Tout elektè ki enskri e ki kalifye nan Konte Broward gen dwa vote lè eleksyon referandòm sa a pral fèt. Bilten vòt pa korespondans pral pare pou eleksyon referandòm sa a, epi yap disponib konfòmeman ak sa lalwa prevwa.

Komisyon Verifikasyon Vòt Konte Broward lan gen pou verifye rezilta yo e pral sètifye rezilta eleksyon referandòm an pou Konsey Komisè Konte Broward, ki nan Florida, e pou Administratè Konte Broward, e pou Depatman Deta Florida, pou ke yo ka anrejistre e klase rezilta yo nan achiv piblik yo ki la pou sa.